ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЕЙ ГАЗЕТ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№167 (21.575) ● 2009 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 4, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Чылхэ я унагъуэшхуэм «Газель» ират

Шэджэм ЕтІуанэ кІуаужэм школышІэ кІыщыІэлуахым ирашІэкІа гуфІэгъуэ зэхьхьэм КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен быІ 13 зиІэ анэм «Газель» машинэм и Іункьыбзэлухьр щритыжащ.

КъБР-м и Президентым и фондым кІыхьэкІа мылъкумкІэ къащэхуа саугъэт ІпащІэ зыхуащІар Чыл Эммэ и унагъуэрщ. Республикэм и Унафэщыр Шэджэм районым щыпсэуэхэм щалуащІам, Чылым Къанокъуэ Арсен щигъэгъуэзат и бынунагъуэшхуэр зыхуей зэрыхуимыгъэзэфым, ахэр зыхэт гугъуехьхэм. Абы щыгъуэм республикэм и Президентым ар кьигъэгугат «Газель» автомашинэ иритыну икІи жиІат ар маршрутым трагъуэвэмэ, унагъуэр щытыкІэ хьэлъэм кьэкІынымкІэ ар хэкІыпІэ хьуну кьыІэрилъхьэр.

Саугъэтыр зейм щритыкым, Къанокъуэ Арсен кІыхигъащащ, цІыхухэм зыкъыІэзэрыхуагъаз лъэІухэр куэд хьуми, ахэр зэфІэзэхынкр гувэмк, республикэ унафэщІхэр я псальэм зэрытетыжкыр.

КІУЭКІУЭ Залинэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● Шыщхьэ зэІущІэхэр

Министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий и псальэ.

ЗэхъуэкІынытгъэхэр и лъабжьэу

Ди газетым зэрытетаци, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм республикэпсо щыщхьэІу зэІущІэр иджыблагъэ Къэрал концерт гъэдэлъгъуанІэм щригъэкІуэкІащ.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александр**, абы и кІуэдзэ **ДышэкІ Мадинэ**, УФ-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм и департаментым и унафэщІ **Реморенко Игорь**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ кІуэдзэ **Къуэшрокъуэ Залым**, «Зыуэ щыт Урысей» партым и щІыналъэ кІудамэм и унафэщІ **Жаным Руслан**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кІуэдзэ **Саенко Татьянэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **ЩхьэгъэпсО Сэфарбий**, ФедерацэмкІэ Советым ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и комитетым и тхьэмадэ **Чеченов Хьусейн**, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ **Тау Пщыхэн** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЕгъэджэныгъэІэнатІэм тІэрыт цІыху 400-м щигъу кІыхьрихьэлІа зэІущІэщхьэр кІыхьэІуихащ министр ЩхьэгъэпсО Сэфарбий. Абы кІыхьэхуэсахэр щигъэгъуэзащ зэІущІэм и ежьэжьапІэр зэрызэхІэлъхьам икІи кІыхьэгъащ я лэжьыгъэхэр кІапщытэкІыным, кІапщыщІыхэр зэрыхуэм ІэнатІэм кІыщхьэр зэхъуэжьныгъэхэм, ар егъэфІэкІуэным нэхъ тегъэщІауэ зэрыщытыныр.

КъБР-м и Президент КъанокъуэрАрсен егъэджэныгъэ ІэнатІэм пэрытхэм Зэрызахуигъаззэм кьеджащ Къуэшырокъуэ Залым.

Егъэджэныгъэм кІыхьалъхьа Іуэху зехьэкІэщІэр республикэм нэсу щызэфІэгъэува хьун папщІэ кІапэщыІь Іуэхуэхэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий:

- БлэкІа махуэхэм районхэм, кІалэхэм щекІуэкІа зэІущІэхэм зэпкърыкъуэкІа щытепсэльыхьащ иджырей егъэджэныгъэр зэрыубзыхупхьэ Іэмалхэм. Нобэ дэри абыхьэм кІапытщэу егъэджэныгъэм и фІагъым хэгъэхъуэнымкІэ кьытпэщІыльхэр зэхэдгъэкІын икІи ахэр зэрыщІэздгъэхьулІэным и Іэмалхэр кьэтхуэгъэн хуейщ. Си псэпсэльэныгъэр нэхъ тегъэщІауэ щытынущ егъэджэныгъэр мы зэманым зэрыт щытыкІэмрэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кІыхьилъхьа «Ди еджапІэщІ» Іуэху зехьэкІэщІым кьытхуигъэув къалэнхэр зыхуэхэмрэ. КъБР-м и егъэджэныгъэ ІэнатІэм мы зэманым зэхъуэкІынытгъэр щэкІуэкІ, ахэр псори хуэунэтІащ ныжьыщІым ират щІэныгъэм и фІагъым хэгъэхъуэным.

Къапщтэмэ, блэкІа гъэ еджэгъуэум КъБР-м егъэджэныгъэ Іуэхущапіэу 417-рэ щылэжьащ, курыт школхэм сабий мин 96-м нэблагъэ йокІуалэ. ЕгъэджакІуэхэм я бжыгъэр мин 11-м щІегъу, абы щыщу процент 80-м щІэныгъэ зэхъыщхьэ, мини 7-м категорие нэхъыщхьэ яІэщ, 200-м нэблагъэм «Щыхь зиІэ егъэджакІуэ», «Егъэджэныгъэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», 600-м «Курыт щІэныгъэ егъэгъуэтыным щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэхэр зэрахьэ, 34-м дамыгъэ лъапІэхэмрэ щІыхь тхыдпхэмрэ хуагъэфэщащ, 47-р щІэныгъэ зэхъуэмыдэхэм я кандидатщ.

- Егъэджэныгъэ лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, Іэмалыщ куэд хэпщэ хьуащ а ІэнатІэм, - жиІащ министрым. - Абыхэм ящыщщ, псальэм папщІэ, республикэм и еджапІэ псори Интернетым зэрыпащІар, апхуэдэуи а Іуэхущапіэхэр компьютерІэ къыхэзгъэпэщІыныр кІыІуэ пэтми зэрефІакІуэр. 2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэжьыныкІэ зыуэ щыт республикэ программэм кьытхуигъэув Іуэхуэгъэщхуэ куэд илъэс блэкІам зэрэтхъхьащІащ. Абы ипкъ иткІэ нобэ Урысейм и Унафэщым кьытхуигъэув кьалэнхэри гъащІэм хэпщэ хьуным тынщу дыпэлъащунщ, абы папщІэ дэтхэнэмэ ди пщэрылъыр нэгъэсауэ зэфІэтхын хуейуэ аращ. ПсынщІэу зызыхьуэж зэманым зэрызыщригъэкІуфынри щІэныгъэ щІэблэм егъэгъуэтын папщІэ ди кьэрау деблэж хьунукьым. УФ-м и Президентым «Ди еджапІэщІэ» Іуэхущапіэр нІуэ кІыхилъхьа Іуэхугъуэм унэтІыныгъитху кьытхуегъэув: егъэджэныгъэ жьпхъэм зэхъуэжьныгъэхэр

(КIэуухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Адэкlэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий кьытеувыIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ди республикэм зэрыщIэхъуэкIам. Абы и къэпсэльэныгъэм кьыззрыхэщамкIэ, зэрыраГъаджэ щыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, ныбжьыщIэхэм ябгъэдэль щIэныгъэр зыхуэдэр къэщIэнымкIэ хэкIыпIэфIщ апхуэдэ экзаменхэм тыкIэр. Ирагъэкlуэкlа къхэутэныгъэхэм кьыззрагъэльэгъуамкIэ, языныкъуэ предметхэмкIэ балл бжыгъэр ику иту Урысейм щIэхэм йофIэкI, апхуэдэуи ар щынэхь лъахьышэри мащIэкьым. Кьапщтэмэ, ику иту ди республик эмрэ Урысеймрэ кьыщахьа балл бжыгъэхэр зэрызэщхьэщыкIыхьуэ щыIэкьым. Рособрнадзорым иригъэкlуэкlа къэпщIэныгъэхэм кьагъэльэгъуащ ди республикэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ябгъэдэль бжыгъэхэм, жыпхъэхэм тету зэрыщекlуэкlар.

- Лъэпкьыбзэхэмрэ литературэмрэ, республикэм и тхыдэмрэ географиемрэ, ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр джыным мыкьэнэщхуэ иIэщ, - жиIащ министрэм. - Апхуэдэу щытми, республикэм и школхэм лъэпкъыбзэхэмрэ литературэмрэ зэрыраГъаджэр яГэуува иджырей мардэхэм хуэкIуэркъым, учебникхэр зэрыззэхалъхьа щыкIэм арэзы укьыззэримыщIымрэ полиграфие и лъэныкьуэкIэ мыкьэнэнэщу кьыззрыдагъэкIымрэ я зэранкIэ. Абы кьыхэкIыу Республикэм и Унафэщым а Iуэхугъуэм гулыитэ хэха хуещI. КьБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ зэхагъэува «2007 - 2011 гъэхэм лъэпкъыбзэкIэ зэрырагъаджэ тхыльхэр щIэуэ зэхъуэкIын» республикэ программэм ипкъ иткIэ, анэдэлъхубзэ учебникхэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтауэ кьыдагъэкIыжьнущ. Абы и лъэныкьуэкIэ зэфIэдгъэкIа Iуэхугъуэхэр нобэрей гъэлъэгъуэныгъэм утыку кьыщIтхьащ. 2011 гъэ пщIондэ анэдэлъхубзэмкIэ тхыль 32-м хэлъжьыхьыжьын, класс нэхъыщIэхэм щIэс цыкIухэм есэпымрэ дыкъэзыхъуреиныр дунейрэ зэрыригъаГъэжьыну учебник 16 зэдзэкIын, урысыбзэкIэ фIэкIа мыпсальэ сабийхэр зэрыраГъэджэну адыгэбзэ, балькъэрыбзэ тхыльу 20 ятхын хуейуэ кьапэщIыльIэ. Мы гъэ еджэгъуэм республикэм и лъэпкъ школхэм щIэтIысхьэну сабий минитIым щIигъэм тхылыщIэхэр яIэнущ.

Сабийхэм я зэфIэкIыр здынэсыр кьэпщIэнымкIэ олимпиадэхэм, конференцхэм, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм мыхьэнэщхуэ зэраIэр кьыхигъащIэу министрым.

- ГлэкIа гъэ еджагъуэм предмет 24-кIэ олимпиадэхэр екIуэкIащ, абыхэм ныбжьыщIэ мини 2-м нэблагъэ хэтащ, - жиIащ ЩхьэгъэпсоМ. - Дэ ди мащIэкьым си екъулIэныгъэхэм дригушхуэ сабийхэр. Робототехник эмкIэ Урысейпсо зэхьэзэхуэу иджыблагъэ Москва щекIуэкIам зэфIэкI льагэ кьыщагъэльэгъуащ еджакIуэхэм щIэныгъэ-техникэ и лъэныкьуэкIэ зауэнынымкIэ Iэмал куэд кьыщыхуэзрагъэпэщ республикэ центрым екIуэлIэ ныбжьыщIэхэм.

Щыхуэ 350-м щигъу зыхэта зэхьэзэхуэм ди республикэм икIа гупым бжьыпэр щиубыдащ. АбыкIэ зэдгъэхъулIаxэр мымащIэми, зэфIэдгъэкIыпхъэр нэхъыбэжщ. Сабий псори зэчиифIэу жыхуаIэр пэжщ. Абы кьыхэкIыуи еджапIэхэм гулыитэ хэха хуащIыпхъэщ сабийхэр нэхъ дэхьыхьэхэр къэгъэнэфуэным.

Министрым и докладым увыпIэ щхьэхуэ щиубыдащ егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэр кьыззрыззрагъэпэщым. Егъэджэныгъэм кьыхьыхь зэхъуэкIыныгъэхэр я Iэнатlэм хэпща зэрыхьуэнур куэдкIэ ельытащ егъэджакIуэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэм.

- Дэ диIэщ зи Iэщагъэм фыиуэ хэзыщыкI, зи Iэнатlэм гурэ псэкIэ бгъэдэт егъэджакIуэхэр, - пищащ Щхьэгъэпсом. - Апхуэдэу щытми, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм хагъэхъуэн, я лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр хальхьэн зэрыхуэеир къыжьIэн. Ноб зэрей зэманым кьыззрытхуигъэувымкIэ, егъэджакIуэм и предметым фIыуэ хищIыкI къудейкIэ зэфIэкIыркъым, атlэ ар зыдэлажьэ сабийм и гупсысэкIэм, и зэхэщIыкIым щыгъуаэзу, дыкъэзыхуэреихь дунейр кьыззрыщыхьур зэхигъэкIыфу щытын хуейщ икIи ахэр кьиныгъэущ и дерсхэр зэрыригъэкIуэкIыпхьэр. «ЕГЭ» джэныгъэм Iыпкъ проектым фIагъ куэд кьыдэкIуащ. Абы ипкъ иткIэ иужьрей ильэсципIым егъэджакIуэ нэхъыбэ зауэнынымкIэ Iэмал псори щюлъ кьриту щытытпхэщ. Абы щыгъуэм ар фIэгъэщIэгъуэну икIи дихьэхуэ егъэпIэм кIуэнущ.

Егъэкlуэкlа зэрыгъэщIащ ЩФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ, 2010 гъэр Егъэджакlуэм и илъэсу зэрагъэувар. Абы ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэм мыхьэнэщхуэ яIэщ щIэблэр гъэсэным зи гъащIэр тезыухуахэм я пщIэр къэIэтыныкмкIэ.

- Си кьэпсэльэныгъэм кьыззрыхэзгъэщащи, республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм зыужьныныгъэщхуэ игъуэтащ, - жиIащ министрым. - Иужьрей илъэсиплIым егъэджакIуэ нэхъыбэ щыIэ министрым. Ахэр унэльащIэкIи, компьютеркIи, зэрыраГъаджэ нэгъуэщI IэмэпсымэхэмкIи кьыззрагъэпэщащ. Адрей школхэми я тепльэкIи, я гъэжьагъэкIи зэхъуэкIыныгъэхэр яГуэтын хуейщ, сыту жыпIэмэ, сабийм зиужьныныкмкIэ Iэмал псори школым кьриту щытытпхэщ. Абы щыгъуэм ар фIэгъэщIэгъуэну икIи дихьэхуэ егъэпIэм кIуэнущ.

Апхуэдэ зэрыгъэщIащ зэрыгъэпэщащ: республикэм и тепльэкIи, я гъэжьагъэкIи зэхъуэкIыныгъэхэр я процент 60-р улахуэ тыкIэщIэм зэрыхуэкIуар. Абыхэм щылажьэ егъэджакIуэхэм ику иту ехьа улахуэр сом мини 8-м щегъу. Абы, щэч хэмылъу, егъэджакIуэхэм я лъэр нэхъ щIегъэкI, я лэжьыгъэми и фIагъым хегъахьуэ.

- Дэ къэдгъэсэбэпын хуейщ лэжьыгъэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ егъэджакIуэ нэхъыжьхэм я опытыр, жиIащ ЩхьэгъэпсоСэфарбий. - Ахэр пенсэм кIуэ нэужькIэ, Iэмал зэрИэкIэ, Iудмыгъэкlыжмэ нэхьыфI. Псалъэм папщIэ, ахэр библиотекэм и лэжьакIуэу, гъэсакIуэу, егъэджакIуэ ныжьыщIэхэм, егъэджакIуэхэм я чэнджэщзэгъуу школхэм кьэбгъэнэж хуунущ.

Адэкlэ министрым кьызэхуэсахэм ягу кьиГъэкIыжащ УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ, 2010 гъэр Егъэджакlуэм и илъэсу зэрагъэувар. Абы ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэм мыхьэнэщхуэ яIэщ щIэблэр гъэсэным зи гъащIэр тезыухуахэм я пщIэр къэIэтыныкмкIэ.

- Си кьэпсэльэныгъэм кьыззрыхэзгъэщащи, республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм зыужьныныгъэщхуэ игъуэтащ, - жиIащ министрым. - Иужьрей илъэсиплIым егъэджакIуэ нэхъыбэ щыIэ щIэблэр гъэсэным зи гъащIэр тезыухуахэм я пщIэр къэIэтыныкмкIэ.

Министрым и къэпсэльэныгъэр купщIафIэу зэрыщытар кьыхигъэщри, езыр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм тепсэльыхьащ Сэренкэ Татьянэ. Абы егъэджакIуэм и лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ хуэщIыным хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIыпхьэхэр кьигъэльэгъуащ. Абыхэм ящыщ зыщ, псальэм папщIэ, япэхэми хуэдэу, коммуналнэ Iуэхуитхь бзэхэм я зэрэсэр тепныкмкIэ егъэджакIуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуэ хуейуэ кьыззрыхилъхьар.

Бахьсэн районым администрацэм и унафэщым и кьуэдзэ **Къаздэхъу Олег** кIэщIу кьытеувыащ я куэдм щIэблэр егъэджэн Iуэхур зэрыщыазэтеублам.

КьБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и управленэм и унафэщI **Будуев Арсен** гъуэгум кьыщыхъу насыпыншагъэхэм иужьрей ильэсхэм ныбжьыщIэ куэд зэрыкьэIуадэм, апхуэдэ кьэмыхьэн папщIэ балигъхэм сабийхэм гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр ирагъэщIэн зэрыхуэйм тепсэльыхьащ. Кьудейм зэрыжиIамкIэ, иужьрей ильэситхум ди къэралым кьыщыхъуа гъуэгу насыпыншагъэхэм сабий мини 8-м нэблагъэ зэкIуэдащ, мини 100-м фэбжь зэхуэмыдэхэр хахащ, абы щыщу ныкъуэдыкьуэу кьэнарэ мащIэкьым. Ди республикэр кьапщтэмэ, а зэманым кьриубыдэу, сабий 57-рэ зэкIуэдащ, 375-м фэбжь ягъуэтащ. «Ди лэжьакIуэхэм еджапIэхэм гъуэгум и хабзэхэм теухуа дерсхэр зэрыщрагъэжьуэкIар икъуэкIэ щхьэпэщ, - жиIащ Кьудей Арсен. - Школ программэм хэгъэхьапхьэщ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр щадж сыхьэтхэр. Илъэс кьэс, ЩIэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, еджапIэхэм я гъунэгъу гъуэгухэм я щытыкIэр кьыдопщытэ, дамыгъэхэр кьыдогъэщIэрэщIэж».

Лъэпкьыбзэхэр республикэм зэрыщрагъэджэным, абыхэмкIэ щыIэ тхыльхэр кьыдэгъэкIыжьын зэрыхуейм и кьэпсэльэныгъэр триухуащ Бабугент кьуэрт школым и егъэджакIуэ **Жангуразовэ Лиз.**

- Иужьрей ильэс 15-м ди кьэралым щекIуэкI зэхьуэкIыныгъэхэм я зэранкIэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм куэд Iэпэдэгъэлэл щытщIащ, - жиIащ Чеченов Хьэсейн. - Дэнэкlи щыдгъэвуущ ди къэралым егъэджэныгъэр кьызэрыщызэгъэпэщащ хуэдэ щымыIэну, абы и лъэныкьуэкIэ екъулIэныгъэщхуэхэр диIэу. Абы и пэжыIэр дэ зэрытщIэжщ. Апхуэдэу щытамэ, ноб егъэджэныгъэм и фIагъыр кьэIэта зэрыхъуным щхьэ дигъэгумэщIрэ? Щытыкlэм фыкIэ зегъэхъуэжьын кьалэн, ди щхьэ зэманым ныбжьэу зи пщэ кьыдэхуэр егъэджакIуэхэрщ. АтlэзИ улахуэмкIэ зи унагъуэр зыхуэмыгъэпсэу егъэджакIуэм сыт хуэдэ хэлъхьэныгъэ и лэжьыгъэм хуищIыфынур?!

Апхуэдэуи Чеченовым и гугъу ищIащ хамэ кьэралыбзэр егъэкIуэкIуэхэм егъэщIэныр зэманым кьытхуэгъуэ Iуэхугъуэ нэхьыщхьэ зэращыщым, курыт Iэщагъэ щызрагъэгъуэт егъэкIапIэхэр зэрыхэкIуэдэжым.

Тау Пщыкьан и къэпсэльэныгъэр триухуащ ныбжьыщIэхэм я гъэсэныгъэм гулыитэ хуэщIын зэрыхуейм. «Ноб ныбжьыщIэхэр «зыгъасэр» уэрамымрэ телевиденэмрэщ, - жиIащ Таум. - Сыт хуэдиз щIэныгъэ цыхум бгъэдэмыльэмии, жыларгъуэм зэрыхэтын хьэл-цIэн абы хэмылъмэ, дэнэкIэ имыгъэзами, абы пщIэ иIэнукъым».

Егъэджэныгъэм кьыхьыхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм, абыхэм дызыхуашэнум, курыт школхэр зэрыщытын хуейм, Зыуэ щыт кьэралым экзаменхэр зэрыщыхьэ хьэкъуэщыкъумрэ кьытрахащ.

Мяравлензм Следственкомкlэ и кьудамэм уюловнэ Iуэху кьиIэтащ.

МЭРШЭНКЪУЛ Наталье.

ХЬЭПЭ Залымбий Къаздэжерий и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм хэщIыныгъэшхуэ яГуэтащ. И ныбжьыр илъэс 79-м иту зыщхьэIум и 31-м дунейм ехыжащ Хьэпэ Залымбий Къаздэжерий и къуэр.

Хьэпэ Залымбий къарушхуэ ирихьэлIащ республикэм спортыр щызэфIэгъэувэнымрэ зыщегъэжьжьынымрэ. Илъэс зыбжанэкIэ ар КъБАССР-м Физкультурэмрэ спортымрэ и комитетым и Iэтащхьэ щытащ, «Спартак-Нарыкъ» футбол командэм и унафэщIу, «Падья» шахмат-шашкэ клубым и Iэтащхьэ щыIащ.

Хьэпэ Залымбий гулыитэ зыхэлъ цIыху кьызэрыгуэкIыну къекIуэкIащ. Абы дэлажьа псоми пщIэщхуэ хуащIырт, фIыуэ ильаГурт. Залымбий и Iыхьлыхэм, абы и гъэсэнхэмрэ и лэжьэгъуэмрэ ягу кьинащ ар зэфIэкIыщхуэ зыбгъэдэлъ лэжьакIуэ кьэмыгъэжьу, цIыху гуапэу зэрыщытар. Дэ Хьэпэ Залымбий Къаздэжерий и къуэм и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ я гуапэр ядыдогуэш.

Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Меркулов А. В., Жамборэ В. С., Аккаев Хь. М., АфIэунэ А. М., Бабаев Хь. Хь., Бицу В. Г., Бозий Н. М., Джэданэ А. Ш., Дыщокl М. Р., Жаным Р. М., Кьардэн М. Н., Кьуэдзокъуэ М. Н., Саенкэ Т. В., Тау Хь. У., Тхьэзэплъыж М. ТI, Уянаев К. Хь.-М., Фыирэ Р. Б., Хъущт А. В., Ерчэн Т. Хъу.

ГОНЧАРЕНКЭ Михаил Владимир и къуэр

Куэдрэ хьэлъэу сымэджа нэужь, и ныбжьыр илъэс 59-м иту, 2009 гъэм фокIадэм и 2-м дунейм ехыжащ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м и Парламентым и етIуанэ, ещанэ хэхьыгъуэхэм я депутату щыта **Гончаренкэ Михаил Владимир и къуэр**.

Гончаренкэ Михаил КъБР-м щыщ Прохладнэ къалэм 1951 гъэм къыщалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ абы щызригъэгъуэтащ Калининым и цIэр зэрихьэу Ленинград къалэм дэт политехникэ институтым.

1972 гъэм щыщIэдзауэ Прохладнэ ремонт заводым и шоферу дэжьащ. 1979 - 1983 гъэхэм Ленинград къалэм щыIэ «Кировский завод» производствэ зэгухьэныгъэм ИколлонтIэм и унафэщIу щыIащ. 1984 гъэм щыщIэдзауэ 1997 гъэм нэсыху ар полупроводник Iэмэпсымэхэр щащI Прохладнэ заводым и механикыIу, Прохладнэ къалэм щыIэ «Водоканал» управленэм и насос станцым и механик нэхъыщхьэу щытащ. 1995 гъэм Гончаренкэ М. В. Прохладнэ къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым и депутату, 1997 гъэм КъБР-м и Парламентым и етIуанэ хэхьыгъэм Республикэмкlэ и Советым и депутату хахащ. 2003 гъэм ар КъБР-м и Парламентым и ещанэ хэхьыгъэм и депутату аргуэру хахьэжащ икIи КъБР-м и Парламентым Лъэпкъэм я зэхуэщытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIэм языхэзу, КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и Iуэхудэзу щытащ.

КъБР-м и Парламентым и депутат хьуа нэужь, Гончаренкэ Михаил, сыт щыгъуи хуэдэу, жану пэрыуващ. Законхэр гъэхьэзырыным пыщIа лэжьыгъэм. Ар хэлэжьыхьащ нормативхэр хабзэ мардэ куэд гъэхьэзырыным, республикэм щызекIуэ закон щхьэхуэхэм дэщIыгъужьныныгъэхэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ хэлъхьэным. Гончаренкэ Михаил ирихьэкIа жылагъуэ лэжьыгъэр сыт щыгъуи зыхуэунэтIауэ щытар республикэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэныр щIа. Абы КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхыльыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхыльыр кьаратащ. Гончаренкэ Михаил езым кьилэжьыжьауэ, депутатхэм, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьыгIуэхэм, хэхакIуэхэм пщIэщхуэ кьыхуащIу екIуэкIащ.

Михаил Владимир и хуэм и фэеплъыр, абы и Iуэжьыфlхэр сыт щыгъуи ди гум илъынщ.

Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Меркулов А. В., Жамборэ В. С., Бозий Н. М., Бабаев Хь. Хь., Бечелов И. Б., Геляхов А. С., Дыщокl М. Р., Жаным Р. М., Нэхущ З. А., Пархоменкэ Ю. В., Пащты Б. С., Саенкэ Т. В., Сэхъу В. Къ., Тау П. Кl., Тхьэзэплъыж М. ТI., Уянаев К. Хь.-М., Хьэгъэз З. А., Фыирэ Р. Б.

«Адыгэ псалъэ» газетым и и лэжьакIуэхэр Едэдзкъан илъэс кудкIэ щыIэжьа **Есэдзкъан (ТIэш) Аninкэ Жантемыр и пхъум** хогуэзаву абы и щхьэгъусэ **Хьэпэ Залымбий Къаздэжерий и къуэр** дунейм зэрехьэкам хьэхьIуу.

КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядалэжьынымрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпание» къэрал Iуэхущапlэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпание» федеральнэ зэрал Iуэхущапlэ зэгуэтым, «Налшык» ОРТК-м я лэжьакIуэхэр «Кабардино-Балкарская правда» газетым зэрыгъэлъагъэурым и къуэдзэ **Мечиев Хьэдис Алий и къуэм** хогуэзаву абы и къуэш **Мечиев Ильяс Алий и къуэр** зэрылIам кьыхэкIыну.

● Наркополицэм кьет

КъыщIэкIуакъым

КъБР-м и наркополицейхэм ящыщ, наркотик зэрихъумэм кьыхэкIыну кьаIэтыхьуэ щыхуэхьур.

ИлъэС 31рэ зи ныбжь бахьсэндэсым и дежкIэ а махуэм хъарзынэу кьыщIидзат. Губгъуэм кьыщрича щIэпым афиян кьыхищIыкIри, хьэщIэри кьригъэблэгъат, арщхьэкIэ апхуэдэ зэхуэгуэпэкIэр наркополицейхэм кьызэпаудащ.

Ябыдар мы гъэм и мэкъуэгуэрыуэ гъандэрэ кьелъыхьуэ КъБР-м щыIэ НаркоIуэхущIапIэм. Хабзэхьумэ IэнатIэхэм защыгъэпщIкIунырэ абы ьхэл зэрыхуэхъуэ куэд щIат. Наркотикхэр зэрызэрригъэкIуэкIым кьыхэкIыу абы нэхъапэм суд тращIыхьауэ щытащ.

Наркополицейхэм иджыпсту зэхагъэкI хьыбарыкIэ ар кьызэралъхьуэ зэманым кьрибыдэу зыбжанэрэ дыгуауэ, Iэ псэупIэр кьыщащIым, наркотикхэмрэ ахэр зэрригъэкIэзыр зэхъуэщыкъумрэ кьытрахащ.

Мяравлензм Следственкомкlэ и кьудамэм уюловнэ Iуэху кьиIэтащ.

МЭРШЭНКЪУЛ Наталье.

●Прохладнэ куей

Къуажэр йофIакIуэ

Къэрэгъэш къуажэм и теплъэр ефIакIуэ зэпытщ: уэрам нэхьыщхьэм щагъэуващ ар зэрагъэнэхун пкъоуи 120-рэ. Мы Iэхъуэ сом мелуанитI трагъэхIуащ. Жылагъуэр жэщкIэ кьызэрагъэнэхуну электрокъарум щIатыну уасэр кьуажэм и мылькум кьыхэкIынущ.

ЛЭЖЬЫГЪЭШХУЭ иращIэкIащ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым: ар ялащ, кьызэрыхухьари щIэкIэ зэрахьуэкIащ. Къуажэ уэрамхэм, щIэл дыдэхьэм тет жьыхэм я щхьэщIэхэр зыхуей хуэгъэзэным кьуажэ администрацэр илъэс кIуам и ужь ихьауэ щытащ. Ауэ мылькур кьемэщIэкIри, и кIэм нимыгъэсу кьэнат. А лэжьыгъэм иджыпсту пащэ. Абы кьыдэкIуэу пхъэнкIий идзыпIэхэри зэщIагъэкъабзэ. Мы Iуэхур кьыдагъэпсынщIащ зэгурыIуэныгъэ зрадио «Белая Агро», «Монтажстрой» ООО-хэм. Мы зэманым федеральнэ бюджетым кьыхэкIа ахьшэкIэ къуажэ щколхэм ящыщ щыр зэрагъэпэныну котельнэ яхуэ. Мы лэжьыгъэр дунейр щыIэ мыхьу щыкIэ «Глюк» фирмэм зэфIигъэкIынущ.

Апхуэдэу къуажэдэсхэм кьыхьалъхьащ нобэм кьэс зыщIыпIи щамыльэгъуа зы Iуэху: махуэ уэфIэр кьагъэсэбэпурэ, щIыхьэхуу ятIэ чырбыш ягъэжынущ, лIэныгъэкIэ хуей хьэхэм я гъэуущ щыпIэ кьыщамылъыхьуэ кьагъэсэбэпын хуэдэу.

Илъэс зыбжанэ и пэкIэ псы зрагъэльэдауэ щыта гуэл Iэрыщым и Iэгъуэблагъэхэри зэтес щIэл. Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Ашэбокъуэ Анзор зэрыжиIамкIэ, абдежым кьыщыгъэрагъэпэщынущ кьуажэдэсхэм щапIэ зыгъэпсэхуниж эр, 'оп джэ' ynIи эту

ШЭРЭДЖ Дисэ.

МардэщIэхэм хуокIуэ

Налшык дэт Къэрал концерт гъэльэгъуапIэм щыщхьэIум и 27-м щекIуэкIащ къалащхьэм дэт еджапIэхэм, гъэсапIэхэм я лэжьакIуэхэм я зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьэгъэс Зальмджэрий, абы и къуэдзэ Портэ Галинэ, егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым и унафэщI Мэлбахъуэ Тимур, къалэм дэт еджапIэхэм, гъэсапIэхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр.

ПОРТЭМ зэхуэсыр кьызэIуиха гъэзащ Хьэгъэсым. Абы кьызэхуэсахэм яжриIащ лэжьыгъэ купщIафIэ яIэну зэригуапэр, апхуэдэу Къабардей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 88-рэ зэрырикъумкIэ, Налшык илъэс 285-рэ зэрыхъумкIэ ехъуэхъуащ.

Кьалащхьэм и еджапIэ-гъэсапIэ IэнатIэхэм 2007 - 2008 гъэ еджэгъуэр зэраухам, абы кьрикIуахэм, дяпэкIэ яIэ мурадхэм теухуауэ зэIущIэм доклад щищIащ Мэлбахъуэ Тимур. Егъэджэныгъэм кьыхьыхьа зэхъуэкIыныгъэхэм щатепсэлъыхьым, департаментым и унафэщIыр кьытеувыIащ егъэджакIуэхэм я улахуэр ирагъаджэ сабий бжыгъэмрэ я лэжьыгъэм и фIагъымрэ ельытауэ зэрыщытынур.

- Егъэджэныгъэм и дунейпсо мардэхэм тету лэжьыгъэр кьызэрагъэпэщыным хуэщIокъу кьалэм дэт школхэм, сабий Iуэхущапlэхэм я нэужь, абы кьрихьэлIаxэм захуиIэщIагъэлIхэр. Абыхэм я лэжьыгъэм и фIагъыр кьызэрапщитхэм ящыщу гъэ еджэгъуэм и кIэм ятыж экзаменхэр, - жиIащ Мэлбахъуэм. - Мы гъэм школхэр къэзыуха ныбжьыщIэхэм ята ЕГЭ-р адрей илъэсхэм едгъэкIуэкIауэ щыта къэпщитэныгъэхэм хуэдэтэкъым: иджы ахэр нэхъ ткIийуэ, зыхуей хуэзэу екIуэкIащ.

Мэлбахъуэм зэрыжиIамкIэ, мыгъэрей ЕГЭ-м нэхъыфIу пэльэщащэм ящыщу кьалэм и курыт школхэу №№ 3, 7, 11, 14, 18, 29-хэм я гъэсэнхэр.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьыхилъхьа «Ди школыщIэ» лъэпкъ егъэджэныгъэ программэр зытеухуамрэ абы кьызэщIыбыдэ Iуэхуэгъуэхэм щытепсэлъыхьащ зэIущIэм. ДяпэкIэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIауэ щытын хуейр зэрырагъаджэ щыкIэм и фIагъыр хэпщIыкIыу етъэфIэкIуэныр: школакIуэ зэчиифIэхэр гъэпэжэныгъэщ. Мэлбахъуэм кьыхигъэщащ кьалэм дэт школхэу №№2, 13, 19-хэм щеджэ ныбжьыщIэхэр жыджэру урысейпсо олимпиадэхэм зэрыхэтыр, абыхэм текIуэныгъэхэр кьыщахьу. А унэтIныныгъэм адэкIи зиужьынущ.

- Апхуэдэу гъэ еджэгъуэщIэм гулыитэ нэхъыбэ хуэтщIынущ сабийхэм я узыншагъэр хъумэным. ШколакIуэхэр ерыскъы щIтыркIэ гъэшхэным, аxэр я ныбжьыпэ зэфIэкIымрэ ельытауэ етъэджэным, Интар-гигиенэ хабзэхэм изагъэу лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыным дяпэкIи гулыитэ хэха хуэтщIынущ, - кьыхигъэщащ Мэлбахъуэм. - Ноб ди щIэблэм етт щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ я фIагъым куэдкIэ ельытащ пщэдей ди къэралым иЗну ехъулIэныгъэхэр. Ар зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

Гъэ еджэгъуэщIэм зэрырихьэлIа щIыкIэмрэ яIэ мурадхэмкIэ кьызэхуэсахэм ядэгъуашэу зэIущIэм кьыщыпсэльащ кьалэм дэт еджапIэмрэ гъэсапIэхэм я унафэщIхэр, Iэщагъэлlхэр. Абы и кIэухыу утыкум кьрашащ икIи ягъэпэжащ «Егъэджакlуэ-2009» зэпеуэм щытекIуаxэр. Абы пашэ щыхъуахэм щIыхь тхыльхэр, ахъшэ саугъэтэхэр ираташ Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ Мэлбахъуэ Тимуррэ. Апхуэдэу ехъэхъуащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм мы гъэм зэпэу зэрыхъэ Iэщагъэлlхэм ныбжьыщIэхэм.

ХРУСТАЛЕВЭ Еленэ.

● Япэ дыдэу

КъБР-м и Къэралыгъуэм, ЩIэныгъэхэм, Налшык къалэм я махуэр щагъэлъапIэм екIуэкIа нэгуэныжь Iуэхугъуэхэм я нэхъ тэщIэгъэнэхэм ящыщ «Мэзкуу - Налшык» автомотошоур. ЦIыху куэдым яфIэтелъыджэу кIэлъыплъащ квадрациклхэмкIэ ягъэзэщIа «къафэмэ».